



# SALÈ MINIMÒM POU ANPLWAYE KI RESEVWA POUBWA

1/1/24-31/12/24

Soti 1ye janvye 2024 pou rive 31 Desanm 2024, montan minimòm pa èdtan konpayi yo dwe peye travayè ki resevwa poubwa yo mansyone pi ba a.

## ENDISTRI OSPITALITE

	Vil Nouyòk	Rejyon Long Island ak Westchester	Rès Eta Nouyòk
Anplwaye Sèvis	\$13.35 Salè Lajan Cash \$2.65 Kredi Poubwa	\$13.35 Salè Lajan Cash \$2.65 Kredi Poubwa	\$12.50 Salè lajan kach \$2.50 Kredi Poubwa
Travay Sèvis Tretè	\$10.65 Salè Lajan Cash \$5.35 Kredi Poubwa	\$10.65 Salè Lajan Cash \$5.35 Kredi Poubwa	\$10 Salè Lajan Cash \$5 Kredi Poubwa

\*Pou plis enfòmasyon sou salè minimòm nòmal nan sa yo ak lòt endistri yo: <https://dol.ny.gov/minimum-wage-0>

## METE SALÈ LAJAN KACH AK KREDI POUBWA ANSAMM POU RESPEKTE MONTAN SALÈ MINIMÒM NAN

Lwa Eta Nouyòk pèmèt konpayi nan tout endistri ki pa sèvis nan batiman an respekte salè minimòm nan lè yo mete yon "salè lajan kach" konpayi a peye ak yon kredi oswa alokasyon pou poubwa anplwaye a resevwa nan men kliyan yo. Pa egzanp, salè minimòm pou travayè nan Vil Nouyòk se 16.00\$ pa èdtan. Konpayi yo ka respekte salè minimòm nan si yo mete yon salè lajan kach omwen \$10.65 ak yon alokasyon pou poubwa ki pa plis pase \$5.35 pa èdtan.

## LIMIT SOU KREDI POUBWA NAN ENDISTRI OSPITALITE A

Konpayi nan endistri Ospitalite ka pa pran kredi pouwva pou:

- Jou lè travayè ki resevwa poubwa yo pase plis pase dezèdtan, oswa ven poustan nan yon jounen travay, ap fè travay kote I pa resevwa poubwa
- Semèn lè anplwaye sèvis yo resevwa poubwa an mwayèn ki mwens pou chak èdtan pase sa ki annapre yo:

## POUBWA MWAYEN POU CHAK ÈDTAN

	Vil Nouyòk	Rejyon Long Island ak Westchester	Rès Eta Nouyòk
Nan otèl ki gen tout bagay ladan I	\$8.95	\$8.95	\$8.40
Nan restoran ak nan otèl pandan tout ane a	\$3.45	\$3.45	\$3.20

## LIMIT SOU KREDI POUBWA NAN ENDISTRI OSPITALITE

Pa gen kredi poubwa ki disponib nan endistri sèvis konstriksyon an.

Kredi poubwa pa disponib lè poubwa mwayen chak semèn yo mwens pase kantite minimòm ki pou kote a ak gwo sè konpayi a.

**Tanpri Sonje:** Depi 31 Desanm 2020, alokasyon poubwa pa pral pèmèt nan endistri divès (tout lòt endistri sof Ospitalite, travayè agrikòl, ak sèvis konstriksyon). Konpayi yo pa gen dwa kenbe oswa konsève okenn pati nan yon poubwa yon anplwaye resevwa.

## LÈ SIPLEMANTÈ

Pou travayè ki resevwa poubwa yo, konpayi yo dwe peye lè siplemantè yo yon fwa edmi salè minimum nan, mwens kredi poubwa aplikab la.

## POU PLIS ENFÒMASYON

Si w bezwen plis èd, oswa si w vle yon plent, tanpri rele **1-888-4NYSDOL (1-888-469-7365)** oswa vizite [www.labor.ny.gov/minimumwage](http://www.labor.ny.gov/minimumwage).